

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Karya sastra nyaéta karya seni anu digelarkeunana ngagunakeun alat basa. Minangka karya seni, warnaning karya sastra téh diciptana salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur éstétis (kaéndahan sastra). Ku lantaran alatna basa, nya nu diarolah ku pangarang téh poténsi éstétis nu kapimilik ku basa, kaasup rupa-rupa pungsina atawa makéna basa. Tina ngolah unsur-unsur éstétis, karya sastra téh hayang nimbulkeun kasugemaan rasa, kasugemaan émosional, kasugemaan batiniah; awor antara éfék basa (alatna, cangkangna) jeung eusina. (Iskandarwassid, 2019, kc. 204).

Lian ti méré kasugemaan rasa, kasugemaan émosional, jeung kasugemaan batiniah ngaliwatan ungkara basa nu éndah, karya sastra ogé méré ma'na jeung mangpaat ka nu macana. Luyu jeung pamanggih Horace dina Wellek jeung Warren (2014, kc. 23) yén pungsi sastra téh lain baé éndah (*dulce*); miboga ajén éstétis, tapi ogé miboga daya guna (*utile*); méré mangpaat keur kahirupan.

Nilik kana wangunna, karya sastra Sunda bisa dibagi jadi tilu golongan nyaéta puisi, prosa, jeung (carita) drama. Sedengkeun dumasar waktu gelarna, karya sastra Sunda téh aya nu kagolongkeun kana; 1) karya sastra buhun atawa sampakan, saperti: jangjawokan, jampé, sisindiran, kakawihan (barudak), jsb, 2) karya sastra modéren atawa serepan, saperti: sajak, novél atawa roman jsb (Sumarsono, 1986, kc. 3).

Enas-enasna mah karya sastra téh mangrupa gambaran atawa eunteung kahirupan (réalita sosial) manusa dina hirup kumbuhna. Esten (dina Kosasih, 1989, kc. 1) nétélakeun yén karya sastra mangrupa ébréhan ngeunaan masalah-masalah manusa jeung kamanusaan, ngeunaan hakékat hirup jeung huripna manusa. Dina karya sastra ogé kagambarkeun kasusah manusa, perjuangan, silih-asih, pacéngkadan, napsu jeung sagala rupa hal anu kaalaman ku manusa sapopoé.

Tegesna, karya sastra téh raket patalina jeung kahirupan masarakat. Gambaran kahirupan nu nyampak di masarakat saterusna dimaniféstasikeun kana

wangun karangan nu sipatna imajinatif. Sanajan sipatna imajinatif, tapi karya sastra lain dongéng anu ngumbar imajinasi atawa fantasi nu kaleuleuwihi. Teeuw (dina Nurgiyantoro, 1998, kc. 6) ngadadarkeun yén dina karya sastra aya gurat nu nganteng antara nu hal nu faktual jeung hal nu imajinatif.

Sastra salaku pangwangun ajén kamanusaan teu kudu dipihamham deui. Lantaran ngan manusa nu miboga rasa linuhung, minangka hiji mahluk nu diciptakeun ku Pangéran tur dibekelan budi akal. Éstu ngan manusa nu mampuh nepikeun sipat-sipat kamanusaan dina karya sastra (Isnéndés, 2007, kc. 14).

Nya ku lantaran éta, ngaliwatan sastra pangarang bisa lalusa nyipta tur ngébréhkeun rupaning kereteging haté jeung pamikiranana. Ari wujud kedaling haté jeung pamikiran pangarang téh médiana bisa lisan, bisa ogé tulisan. Di antara karya sastra nu dimaksud téh nyaéta kawih.

Saenyana istilah kawih téh geus dalit jeung masarakat Sunda. Kawih téh sakur lalaguan nu aya di tatar Sunda. Luyu jeung pamanggih Héndrayana (2017, kc. 11) nu nétélakeun yén kawih téh induk sakumna seni sora nu aya di Sunda. Atawa, sakur lalaguan nu aya di Sunda disebutna kawih.

Nurutkeun data sajarah, dina naskah kuna *Sanghyang Siksa Kanda(ng) Karesian* (SSKK) nu ditulis taun 1518 M, geus ditataan ngaran rupa-rupa lagu kawih. Antarana baé, aya *kawih bwatuha*, *kawih panjang*, *kawih lalaguan*, *kawih panyaraman*, *kawih sisi(n)diran*, *kawih pangpeledan*, *kawih bongbongkaso*, *kawih pererané*, *porod eurih*, *kawih babahanan*, *kawih bangbarongan*, *kawih tangtung*, *kawih sasa(m)batan*, jeung *kawih igel-igelan*.

Upama nilik ka dinya mah, tétéla kawih téh geus lila aya dina kahirupan urang Sunda. Malah bisa jadi mekar tur hirupna téh geus dimimitian ti abad ka-16 kénéh, saméméh ditulisna naskah SSKK. Tapi éta ngaran kawih téh kiwari mah réréana geus teu dipikawanoh deui. Ongkoh deuih taya raratan anu jelas kumaha kawihna jeung kumaha dihaleuangkeunana.

Papadaning kitu, anu atra mah nepi ka kiwari kawih téh tuluy hirup sarta lalaguanana tuluy diciptakeun taya reureuhna. Tangtu baé unggal lalaguan kawih dina unggal jaman téh béda-béda. Malah kawih nu mekar di lingkungan anu béda

ogé, béda deui ngaranna. Upamana baé, aya kawih ketuk tilu, kawih gamelan, kawih degung, kawih panambih, kawih calung, jeung kawih padalangan.

Aya kawih-kawih nu muncul ti jaman béh ditu, ayeuna dipikaresep kénéh. Umumna disebut kawih klasik. Pangna dipikaresep téh bisa jadi lantaran waktu medal téh jadi kacapangan. Atawa, aya hubunganana jeung peristiwa sajarah. Mun teu kitu, waktu munculna éta kawih dihaleuangkeun ku juru kawih anu kawentar. Ku lantaran dipikaresep, éta kawih téh tuluy dihirupkeun, diaransemén ulang, atawa diraéh maké musik modéren.

Kawih-kawih samodél “Sorban Palid”, “Panon Hideung”, atawa kawih Mang Koko saperti “Kembang Tanjung Panineungan”, “Malati di Gunung Guntur” éta téh kawih-kawih klasik nu tetep dipigandrung nepi ka kiwari. Sohorna éta kawih téh henteu éléh ku kawih-kawih anyar atawa kawih pop.

Salah sahiji wanda kawih anu kungsi dipigandrung téh nyaéta kawih degung. Dina paro abad ka-20, kawih degung téh kungsi populér di masarakat. Hanjakal, lantaran pangaruh kamekaran jaman jeung mahabuna pangaruh budaya deungeun, kagandrung kana kawih degung téh beuki dieu beuki suwung. Nya ku sabab kitu, katompérnakeun kana kawih degung téh pada naringgalkeun.

Miang tina éta pasualan, tangtu baé kudu aya tarékah daria pikeun ngahangkeutkeun deui kareueus kana kawih degung sangkan tetep lana hirupna, manjang huripna. Tarékah pikeun ngahirup-huripkeun kawih degung téh di antarana ngaliwatan pangajaran di sakola-sakola (lembaga formal). Ku jalan kitu, dipiharep bisa numuwuhkeun katut ngawariskeun kareueus katut kacinta kana kawih degung minangka kabeungharan basa, sastra, jeung budaya Sunda.

Anu dijadikeun objék dina ieu panalungtikan nyaéta kawih-kawih tina album *Kawih Degung Emas Sanggian Mang Koko*. Eusina ngamuat sapuluh judul kawih petingan. Dina éta album téh rumpaka-rumpaka kawihna disusun ku Wahyu Wibisana, Dedy Windyagiri, Win Art, jeung Mang Koko. Ieu rumpaka kawih téh dipilih lantaran sababaraha tinimbangan, (1) rumpakana ngandung ajén puisi anu hadé; diksi nu dipakéna pinilih, ungkara puisina mentingkeun purwakanti jeung wirahma, sarta (2) unsur musikalitasna ngandung ajén éstétik jeung artistik.

Pikeun neuleuman rumpaka nu aya dina kawih degung, bisa ku dua cara nyaéta nganalisis rumpakana (*lirik*) jeung laguna (*lagam, haleuangna*). Ari sababna, boh rumpaka boh laguna, duanana mutuh dalit, teu bisa dipisahkeun. Lantaran, gunggung hiji kawih téh diwangun ku rumpaka jeung lagamna.

Nepi ka kiwari, kacatet sababaraha panalungtikan kawih. Di antarana baé, “Wangun jeung Hubungan Sémantis Antarklausa Kalimah Ngantét dina Rumpaka Kawih Sunda” panalungtikan Jajat (2012), “Rumpaka Kawih Wanda Pop Sunda Karya Doel Sumbang: Ulikan Struktural Sémiotik jeung Ajén Moral” panalungtikan Niknik Dwi Pramanik (2013), “Interferensi Léksiko-Gramatikal Bahasa Indonésia kana Basa Sunda dina Rumpaka Lagu Pop Sunda” panalungtikan Asép Fajar Anshari (2013), “Kajian Struktur jeung Sémiotik kana Rumpaka Panambih Sanggian Mang Engkos pikeun Bahan Pangajaran Rumpaka Kawih di SMA” panalungtikan Nevia Dwi Putri Junaédi (2015), “Rumpaka Kawih Kliningan Gamelan Klasik Cicih Cangkurileung” panalungtikan Dimas Patria (2015), “Rumpaka Kawih dina Kasenian Ronggég Gunung di Désa Ciulu Kecamatan Banjarsari Kabupatén Ciamis (tilikan Struktur jeung Stilistik)” panalungtikan Réspi Lestari (2016), “Ulikan Struktural jeung Semiotik Rumpaka Kawih Sunda anu Jejerna Kadaharan pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SMP” panalungtikan Gina Kustiawati (2017), jeung “Ajén Palsapah Busana Wanoja dina Rumpaka Kawih Sunda sarta Implikasina pikeun Media Bahan Ajar Basa Sunda di SMA (2019)”. Tacan kapaluruh ayana panalungtikan kana kawih degung, boh dina *repository* boh di Departemén Pendidikan Bahasa Daérah.

Dikasangkutangan ku masalah di luhur, ieu panalungtikan rék maluruh ajén puisi ngaliwatan pamarekan struktural-sémiotik. Ku kituna, ieu panalungtikan baris dilaksanakeun kalayan dijudulan **“Rumpaka Kawih dina Kawih Degung Emas Sanggian Mang Koko pikeun Bahan Pangajaran di SMA (Ulikan Struktural jeung Sémiotik)”**.

1.2 Rumusan Masalah

Masalah nu patali jeung kawih téh kacida legana, di antarana waé patali jeung rumpaka kawih, juru sanggi, nayaga, jeung sajabana. Ku kituna, sangkan ieu

panalungtikan museur tur nyangking hasil nu nyugemakeun, saméméhna ieu panalungtikan ngaidéntifikasi sababaraha masalah, di antarana, kareueus jeung kacinta siswa kana kawih degung masih kurang; jeung siswa tacan mikawanoh kana unsur struktural anu aya dina rumpaka kawih.

Dina ieu panalungtikan dipuseurkeun kana rumpaka kawih anu disusun ku Wahyu Wibisana, Dédy Windyagiri, jeung Win Art, anu disanggi ku Mang Koko kana kawih degung.

Anapon rumusan masalah ieu panalungtikan diwangun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kahanan rumpaka kawih dina *Kawih Degung Emas* sanggihan Mang Koko?
- 2) Kumaha struktur rumpaka kawih dina *Kawih Degung Emas* sanggihan Mang Koko?
- 3) Kumaha unsur-unsur sémiotik rumpaka kawih dina *Kawih Degung Emas* sanggihan Mang Koko?
- 4) Kumaha larapna struktur jeung sémiotik rumpaka kawih dina *Kawih Degung Emas* sanggihan Mang Koko pikeun bahan pangajaran di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Panalungtikan miboga tujuan anu dibagi jadi dua nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan sacara umum dilaksanakeunana ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh tur ngadéskripsikeun struktur jeung sémiotik rumpaka kawih dina *Kawih Degung Emas* sanggihan Mang Koko pikeun bahan pangajaran di SMA.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun opat hal, nyaéta:

- 1) kahanan rumpaka kawih dina *Kawih Degung Emas* sanggihan Mang Koko;

- 2) struktur rumpaka kawih dina *Kawih Degung Emas* sanggian Mang Koko;
- 3) unsur-unsur sémiotik rumpaka kawih dina *Kawih Degung Emas* sanggian Mang Koko; jeung
- 4) larapna struktur jeung aspék sémiotik rumpaka kawih dina *Kawih Degung Emas* sanggian Mang Koko pikeun bahan pangajaran di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan bakal digarap kalawan harepan bisa mangpaat boh keur kapentingan tioritis boh keur kapentingan praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Pikeun kapentingan tioritis, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh sastra jeung seni sora. Pikeun pangaweruh sastra patali jeung struktural sarta aspék sémiotik rumpaka kawih (puisi). Ari pikeun seni sora patali jeung titi laras katut kawih degung.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis anu dipiharep tina ieu panalungtikan, di antarana:

- 1) Pikeun anu nalungtik, ngajembaran kaweruh ngeunaan kawih degung sanggian Mang Koko anu mangrupa bagian kabeungharan basa, sastra, jeung budaya Sunda. Saterusna, numuwuhkeun karep pikeun ngayakeun panalungtikan saterusna.
- 2) Pikeun guru, dipiharep bisa digunakeun keur bahan pangajaran sastra, pangpangna patali jeung aprésiasi kana kawih, sakumaha pameredih kurikulum basa Sunda.
- 3) Pikeun siswa, bisa dijadikeun sumber diajar (référénsi) tur dipaké média pikeun numuwuhkeun karesep tur karepna kana diajar kawih. Lian ti éta, dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh siswa kana kawih ku jalan neuleuman ma'na rumpaka anu nyampak dina kawih degung sanggian Mang Koko.
- 4) Pikeun masarakat, ieu panalungtikan bakal nambahan invéntarisir seni jeung budaya nu aya di masarakat disawang tina jihat sastra. Lian ti éta, dipiharep

bisa numuwuhkeun karesep masarakat eggoning ngamumulé seni karuhunna, nyaéta kawih. Muga-muga baé ku cara kitu, kawih téh tetep lana hirupna tur manjang huripna di satengahing pangaruh budaya modéren.

1.5 Raraga Tulisan

Hasil ieu panalungtikan disusun dina karya tulis anu ngawengku lima bab, anu sistematikana:

BAB I BUBUKA,

Dina ieu bab dipedar kalayan jéntré ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan umum jeung husus panalungtikan, mangpaat tioritis jeung praktis panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II ULIKAN TIORI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan sajumlahing tiori jeung konsép nu bakal dipaké pikeun medar rumpaka kawih degung sanggian Mang Koko. Éta konsép téh sumberna tina buku jeung bacaan séjén anu dijieun rujukan konséptual jeung tioritis. Dina ieu bab, bakal dipedar naon ari sastra, boh sastra lagu boh sastra lisan, kawih, rumpaka kawih, strukturalisme jeung struktur puisi, sémiotik (ikon, indéks, jeung simbol), sarta bahan pangajaran.

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan sumber data panalungtikan, desain panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data nu ngawengku instrumén panalungtikan, jeung analisis data sarta kumaha prosédur atawa léngkah-léngkah panalungtikan.

BAB IV HASIL PANALUNGTIKAN JEUNG PEDARAN

Dina ieu bab dipedar hasil panalungtikan anu ngawengku déskripsi rumpaka kawih dina *Kawih Degung Emas* sanggian Mang Koko, struktur rumpaka kawih dina *Kawih Degung Emas* sanggian Mang Koko, unsur-unsur sémiotik rumpaka kawih dina *Kawih Degung Emas* sanggian Mang Koko jeung larapna struktur

jeung sémiotik rumpaka kawih dina *Kawih Degung Emas* sanggian Mang Koko pikeun bahan pangajaran di SMA. Ari pedaran nyoko kana koméntar hasil analisis data.

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

Dina ieu bab dipedar kacindekan tina hasil panalungtikan sarta sawatara saran patali jeung hasil panalungtikan.